
ISSN 0207-6551
Нур
5
2016
+6
Льахэ

ДЖЭДГЪЭФ Борис



Адыгэ республикэм къыщыдэкI «Жъогъобын» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэ, тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэ **МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

МэшбащIэм и тхыгъэхэр щызэхуэхьэсауэ дунейм къытехьащ тхылъищэм щIигъу, абыхэм ящыщ куэд хамэ къэралыбзэхэмкIэ зэрадзэкIащ. И лъэпкъым хуилэжьа псом къапэкIуэу тхакIуэ цIэрыIуэм къыхуагъэфэщащ «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и II, III, IV нагъыщэхэр.

МэшбащIэ Исхьэкъ ехъулIэныгъэ, узыншагъэ, гуфIэгъуэ и куэду псэуну дохъуэхъу «Нур» журналым и лэжьакIуэхэр.

*МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ*

## ЩIАЛЭ ЦIЫКIУМ ШЫХЭР ЕГЪЭПСКI



Моддэ слъагъур сыту дахэ!
Дыгъэр уэгум щIоджэгукI,
Псы къуэкIийуэ зи нэпкъ лъагэм
Шы щыщ макъыр къыдоIукI.

Iуфэ уэрыр бгъэкIэ яхуу,
ТкIуэпс щыгъэхухэр ягъэлъей.
Псыутх цIыкIум гур ихьэхуу
Шым дэджэгуурэ, долъей.

Пэху – лъакъуэхуу натIэ гъуджэм
ЩIалэ цIыкIур толъэщIыхь.
Псышхуэ уэрыр зэгуапхъуэту,
Псыхъуэ ныджэм йоджэгухь.

*ЗэзыдзэкIар*
***НЭТЫХЪУЕЙ Тинэщ***

***БИЦУ Анэтолэ***

# СУРЭТ

Куэд щІащ зауэ мафІэр зэрыужьыхыжрэ,
Ауэ сахуэ фІыцІэр ноби ди щІым телъщ...
Мес, щІэрыщІэу нанэ блыным къыфІехыжри,
Нэпсыр щІилъэщІыкІыу, сурэт гуэрым йоплъ.

А сурэтыр нанэм хуехь и Іупэм, и нэм,
Трахынум хуэдэу щІекъуэзэ и бгъэгу.
КъогуфІыкІ сурэтым щІалэ щхьэц баринэр –
Зэгуэр сабий дыдэу техьар зауэ гъуэгу.

А зы сурэт закъуэрщ къытенар дунейми
И фэеплъу и къуэ зауэм хэкІуэдам –
Аращ зэплъыр анэр дыгъэр къыщІэкІами,
Аращ зэплъыр анэр жэщхэр хэкІуэтам...

Къызоплъыхь сэ фэбжькІэ гъэнщІа мы ди щІылъэр.
Нобэм и нэщэнэу дэнкІи щызолъагъу:
Итщ и пащхьэм анэр блыным сурэт фІэлъым –
Сурэтыр нэщхъыфІэщ, анэр гукІэ магъ.

# НАНЭ ДЕЖ

*ЩОКЪУИЙ Къадир*

Май пщэдджыжьым нэхъ дахэ сыт щыIэ?! Бзу цIыкIухэр къеубзэу Дианэ къэушри, шэнтым фIэлъ и бостеищIэм зэрыIуплъэу и жейр теужащ – нобэ нанэ деж хьэщIапIэ кIуэнущ. Ар илъэсиплI фIэкIа хъуркъым, ауэ и закъуэу зихуэпэжыну яужь итщ.

– Уэт хъыджэбзыфI, иIэ-иIэ, зыхуапэ, автобусым дыкъыкIэрыхунущ, – анэр къедэхащIэ-къыдэIэпыкъуурэ зэанэзэпхъум зэужьщ, щIэкIри автобус къэувыIэпIэм теувахэщ.

ЦIыхур Iуву зэхэтщи, хэт и нэщхъыр зэхиукIауэ Iэпщэ сыхьэтым йоплъ, хэт мэгъумэтIымэ, хэти къэувыIэпIэм пIащIэу къыхуожэ, арщхьэкIэ зы машини къакIуэкъым. ИкIэм икIэжым, «маршруткэр» къэсщ аби, ерагъыу зэанэзэпхъум абы зрагъэхуащ.

Щысым хуэдиз гъэшауэ зэфIэтщи, псори зэщIэвзэу мэшхыдэ. Щысхэми, мыарэзыIуэ, щытхэм нэщхъ хуащI, шофёрым Iэджэ хужаIэ... Щытхэми гуфIэн гукъыдэж яIэкъым.

Псалъэмакъ къызэщIэплъар кIий-гуоум хуокIуэ; хэт лэжьапIэм къыкIэрохуу, хэт – дохутырым, хэти министерствэм. Псори, я Iуэху зэфIэзэрыхьащи, зэхуотхьэусыхэ. А вэржьэр къэукъубеям арыххэу сабий макъ жыгъыру лъагэ къахоIукI:

– Сэ нанэ деж сокIуэ!

Зэуэ, хэт дэнэ кIуэми яIэпыхури, машинэр щым хъуащ. Псори сабийм еплъащ. Хэт къыщитхъащ, хэт пыгуфIыкIащ, хэти зыкъригъэзыхри и щхьэм Iэ къыдилъащ. Хуэмурэ псори нэфIэгуфIэ къыщыхъужым, сытми есэжа шофёрым, пыгуфIыкIыу гъуджэмкIэ къаплъэри, жиIащ:

– Псом ялэ нанэ деж докIуэ, ара?

Дианэ и щхьэр ищIащ: «Нанэ деж», – жыхуиIэу...

Тынш хъужа гъуэгум «маршруткэ» гуфIэр есу ирокIуэ...



# Театрым сыт и къару?

Уэзджынэ макъым пщlантlэм къыдипхъа еджаклуэ цlыклухэр джэдджьей быну зэклэщlож, щхьэж и гъуэгу и занщlэу. Бeслъэни щlэфиихьыжу уэрамым къыщытехьэм, зи ужь къиухута и классэгъуитlым зэжралэр къызэхихащ.

– Пщэдей адыгэ театрым дашэнущ. Сыткlэ дыхуейт абы? – фэрыщlу мэхущхьэ Темыр. Марини абы къыдежьууэ:

– Тхьэ, зыклидыхуэмейт, зэмангъэкlуэду.

– Къыфхуэмейуэ пызыхыжар езы театрыращ. Фымыклуэ! Фемыплъ! – напlэзыпlэм абы я зэхуаку къыдэхута Беслъэн тlуми ящlэклиящ.

– lэгъу-гъу!.. Мыр сыту lейуэ укъэгубжьа, теа-атра-ал,– ауаныщlу зэпишу Беслъэн йоблыпкъауэ Темыр.

– Сэ сытеатралкъым, къуэш, сыактерщ!– хекъуэзэ мыдреййми.

– Кхъыlэ-тlэ, уи lэфтографыр мыбдей къысхутетхэ,– Маринэ гуфlэу, и lэгур еший. Беслъэн и пэр дрегъэзейри:

– Сыгупсысэн хуейщ... фэ lэтлъичникитlыр фызэспэсу пlэрэ... сэ хулиганым?

– Уа, пэжу, уэр нэхъ хулиганыфl ди школ псом щlэсакъым, иджы артисту уежьэжмэ, ди школым и напэр къытепхакъэ? – Темыр ар жиlэ пэт, модрейм и натlэц баринэр ирилъэщlэклыу и къазыпщэр щыхишым, ар зэрымыгушылэр къыгурылуащ.

– Сэ иджы сызэраныжкъым,– образым ихьащ артистыр.– Зыми сепщэфылэкъым, си тхьэклумитlри... – жиlэу щыдэlэбейм, Маринэ къыщитхъащ:

– Тхьэклумаклэкlи директорым дей уалъэфыжкъым, ара? Мес, баринэу пхухашащи, тхьэклумэклыхь ролым унэмысми, шыдыжьыфlклэ зы лажьэ уилэкъым.

– Сэ иджы цlыхухэми псэущхьэхэми саклэлъыплъын хуей мэхъу, запысщlыжыфын щхьэклэ. Абы ядэтлъагъур дэ догъэлъэгъуэж, театрым къаклуэхэр хэт мэгуфlэ, хэт lэгу къытхуоуэ, хэти – уот!– жери и lэпхъуамбапщэр егъэпlий. Си «двахэр» «чытири» хъуащ, доскам сыкъыдашмэ, цlыплъ сыхъужкъым, гуклэ куэд зэзгъащlэурэ... мис, сыгубзыгъэщ.

– Хьэуэ, угурыхуэщ. Уа, пэжу, псоми догъэщlагъуэ уи оценкэхэр. Уэ lэджэклэ нэхъыфlу уеджэ хъуащ, Беслъэн. Театрыауэ жыпlэну ари зи фlыщlэр? – йоупщl Маринэ.

– Уэи, арамэ-тlэ. Зымахуэ дадэ и ныбжьэгъу урыс профессор гуэр къэклуауэ зэпсалъэти, си гугъу щыхуащlым, абы къажриlари? Флыуэ фщlащ, жиlащ, Беслъэн адыгэ театрым зэрефтар, иджы ар пхуиудыжынукъым.

– Тхуеджэххэтэкъыми, «зи мыхъуми, зэранызу хущlыхьэнкъым», жытlэри еттауэращ, апхуэдэуи демыгупсысат,– lэтецым щыжрилэм, мобы ар къыхуидакъым. «Ар къыдалъхуа и бзэмклэ зэрыпсалъэр куэд и уасэщ, абы хуэдэу зозыгъэужь щылэкъым», – жери.

– Сыт щхьэклэ, зэрыпсалъэ бзэм емылъытауэ, цlыхур куэд еджауэ, губзыгъэмэщэ? – и нэр щlеукъуанцlэ Темыр.

– Сэри апхуэдэу сегупсыст, ауэ учёнэбзэклэ зыкъом щыжилэм, псоми ди фlэщ хъури дежьэжащ.

– Пэж дыдэу, сэри жалэу зэхэсхащ уи анэдэлъхубзэм нэхъ губзыгъи нэхъ гурыхуи уищlу, ар къыбгурылуэн щхьэкlи учёнэбзэ ухуейуэ сщlэкъым, – жеlэ Маринэ.

– Мис, сэ фыкъызэплъи зэфlэклакъэ, нэгъуэщl къэвмылъыхъуэу,– жэуэ Беслъан а тlум я пэ къиувэу и бгъэр къыщригъэклым, щыри дыхьэшхащ.

– Доклуэ пщэдей адыгэ театрым! – зэщыгуфlыклыу щыми я lэгухэр зэрагъэуалlэ.

Адыгэ театрым и къарур абыхэм къагурылуауэ къытщохъу, ди ныбжьэгъу цlыклухэ. Фэр-щэ?

**ДАРИЙ Хужь**

* * *

*Адыгэ сабий литературэм и бжыпэр зыlыгъ* ***«БАЖЭ ПШЫНЭР»*** *инициыклуи флыуэ ялъагъу. Ди гъэфlэнхэ, ар тхылъ щхьэхуэу «Нурым» къыхэвгъэжу зивгъэлэну, сабий театру вгъэлъэгъуэну lэмал фыдот.*

*Хъэкӏэкхъуэкӏэхэр мэзым щӏолъэдэж.*

**Мыщэм** *(здэжэм къызопсэлъэкӏри).* Пшынэуапщӏэм сыхомын!

**Бажэм.** Ерэхъу! Феужьэрэк! Фыкъыӏэрыхьэмэ, къыджиӏакъым жывмыӏэж. Щакӏуэр зэ къэзгъафэмэ, сэри фи ужь сыниувэжынщ...



Кӏынтӏэ-кӏынтӏэ,
Кӏынтӏэ хьа!
Мы сэ лыуэ къысхуахьар!
Кӏынтӏэ-кӏынтӏэ,
Кӏынтӏэ хьа!
Бажэ тхъэмэ, дагъэтхъащ!







*Кlыщокъуэ Алим и «Бажэ пшынэ» тхыгъэм Къэрмокъуэ Хьэмид пьесэ кlэщl къытрищlыкlащ.*

Хэтхэр:

**Бажэ**
**Мыщэ**
**Дыгъужь**
**Кхъуэныжь**

*Мэзым здыпхрыкlым. Бажэм зы lэпэ пшынэрэ зы щlакlуэрэ къегъуэт. Щlакlуэр жыг къудамэм иреупщlэкl, lэпэ пшынэм и кlэр делъэ – пшынэуэкlэ зрегъащlэ.*

**Бажэм.** lэщlагъэ схуэхъун хуэдэщ мыр! Пшынэуэным сыт хэлъ, уи кlэр дэплъэмэ, аракъэ! *(Лъэныкъуэкlэ маплъэри).* Мыщэри къэсаи!

*Зы фэнд* (бурдюк) *и щlыб илъу, Мыщэр къохьэ.*

**Мыщэм.** Бохъу апщий, Бажэ цlыкlу! Дунейм утетыжкъыми?

**Бажэм.** Еблагъэ, Мыщэжь. Сытым укъытхуихьа?

**Мыщэм.** Мэжэщlалlагъэм сыкърехуэкl, дзэкъэгъуэ сlухуакъым дыгъуасэ лъандэм.

**Бажэм.** Сэ пхуэсщlэфынуращи, зэ укъэзгъэфэнщ. *(И кlэр lэпэ пшынэм делъэ.)* Къытехьэт, Мыщэжь! Зэ хэптlэнкъэ?

**Мыщэм.** Уи lэпэ пшынэ си лажьэ сэ? Шхын щхьэкlэ солlэ, бжесlакъэ?

**Бажэм.** Ущlегъуэжынщ, тхьэмыщкlэ! Пшынэуэныр lэщlагъэ зэрысхуэхъурэ сотхъэж, лы пшэрщ си шхыныгъуэри.



**Кхъуэныжьым.** Фlыгъуэр зыхуищlэн, еуэ уэ! Дыбгъэlуэтэжащ!

**Мыщэм** *(къыздэфэм).* Хьэкlэкхъуэкlэ тхьэмэ, дыбгъэтхъащ, Бажэ цlыкlу! Тхьэм пхудигъэщlэж!

**Бажэм.** Фызгъэтхъа къудей! Фызгъэунащ!...

Уэ Мыщэ бэлацэм
lэджэ уи гугъэнщ
Уи мыщафэ бацэр
Си гъуэм изубгъуэнщ!

**Мыщэм** *(ар зэхимыщlыкlауэ).* Упсэуащэрэт уэ!

**Бажэм.** Сэ сыпсэумэ, гуныкъуэгъуэ фыщызгъэщlэнкъым, фымыгузавэ фэ!

Цым, цым, цым,
lэджэ уи гугъэнщ!
Цым, цым, цым,
Си гъуэм изубгъуэнщ!..

**Мыщэм.** Игъащlэм сигу хэхъуакъым нобэ хуэдэу!

**Кхъуэныжьым.** Ди lутlыжщ нобэ! Дэнэ ущыlа алъандэм?

**Дыгъужьым.** Куэдрэ ухуеджа мы lэщlагъэм, Бажэжь цlыкlу?..

**Бажэм** *(пшынэуэныр зэпегъэури).* Мо къакlуэр хэт?

**Мыщэм.** Дэнэкlэ?

**Бажэм.** Флъагъуркъэ мо къуэм къыдэкlыр?

**Кхъуэныжьым.** Хэт къакlуэр?

**Дыгъужьым.** Сыт къакlуэр?

**Бажэм** (lэдакъэжьауэ ещlри маплъэ). Дыунэхъури дытlысыжащ; щакlуэр къэсащ!

**Мыщэм.** Щакlуэ жыпlа?

**Бажэм.** Мес къуэм къыдокl, и фочри гъэпкlащ. *(Жыгым едза щlакlуэр ирегъэлъагъу).* Хьейдэ, маржэ! Щхьэж и занщlэр и гъуэгущ – абы зыlэрывмыгъэхъэ! Фыззбгрыж!

5

*Дыгъужьри, Кхъуэныжьри къытохьэ).* Феуэ, маржэ! Нобэ хуэдэ махуэ вгъуэтыжынкъым...

Уэ Дыгъужь емынэ,
Си щхьэр умыужьыгу,
А уи дыгъужьыфэр
Сщlынущ сэ джэдыгу!

**Дыгъужьым.** Дауэ пlа?

**Бажэм.** Мыщэм укъефыхь жысlащ – еужьэрэкl.

**Дыгъужьым.** Къэфыхь езмыгъэлъагъум!..

**Бажэм.** Нобэ хуэдэ зы махуэщ дунейм щlытетыр...

Цым, цым, цым,
Си щхьэр умыужьыгу.
Цым, цым, цым,
Сщlынущ сэ джэдыгу!

**Кхъуэныжьым** *(къыздэфэм).* Дыбгъэlуэтэжащ, Бажэжь цlыкlу!

**Бажэм.** Ауэ сытми! Фэзгъэlуэтэжым къыщызнэн!

Уэ сэ си Кхъуэныжь,
Си кхъуэ джэмыдэжь!
Кlэщl ирехъу уи гъащlэр,
Лlыщlапщlэр зыфlэсшхын!



2

**Мыщэм.** Дэнэ къыздипхыр?

**Бажэм.** Къыздисхын мащlэ! lэпэ пшынэм си кlэр дэслъакъэ – хьэщlэ хъушэ къысхуопсых, lэнэщlуи зы яхэткъым.

**Мыщэм.** Зи насып! *(И гурыlупсыр къожэ.)*

**Бажэм.** Лы пшэр защlэщ къахьри, си гур щыкlащ...

**Мыщэм.** Аджыдэ мыгъуэ! Зы дзэкъэгъуэ закъуэ!..

**Бажэм.** Зэ хэптlэнукъэ-тlа?

**Мыщэм.** Ныбэ нэщlым сыт и хэтlэ?

**Бажэм** *(и кlэр lэпэ пшынэм делъэри).* Уэзгъэlуэтэжынкъэ – щхьэ удзыхэрэ! Ныбэм и лажьэр lуэтэжыгъуафlэщ, жиlакъэ пасэрейм...

Хуит сыкъэщlи, зэ сегъауэ,
Пхуэзэфlэкlмэ, уэ дэлъей!
Щремылlэ зы lэгуауэ,
Къытелъадэт ислъэмей!

**Мыщэм.** Зэ зыдгъэззэми, зэранкъым. *(Къэфэну къытохьэ).*

**Бажэм.** Армыраи хабзэр! Уэ пхуэдэ куэд къэзгъэфащ сэ!



lэпэ пшынэр маджэ,
Къафэр къызогъэкl.
Си Мыщэжьу бзаджэ,
Къыумыгъанэ плъэкl!
Цым, цым, цым,
Къафэр къызогъэкl,
Цым, цым, цым,
Къыумыгъанэ плъэкl!

**Мыщэм** *(къыздэфэм)*. Дауэ жыпlа, Бажэ цlыкlу?
**Бажэм.** Дэгъуэжь гуэру укъуофэ зо!
**Мыщэм.** Армэ, хъунщ...
**Бажэм.** Еужьэрэкl уэ, еужьэрэкl, бэлыхьыжьу укъуофэ.

Уэ лъэбыцэ къуацэ,
Мыщэ лъэбыцэжь,
Къыпкlэрыхур бацэщ,
Емынэунэжь!
Цым, цым, цым,
Емынэунэжь!



**Мыщэм.** Упшынауэ lэзэжь гуэр си гугъэщ сэ уэ?
**Бажэм** *(къыфlэмыlуэхуу)*. Здэщымыlэм щыбгъуэтынукъым хуэдэ!

Еуэ, еуэ, лъакъуэм,
Мыщэ лъэбыцэжь,
Хьет жегъэlэ, къафэ,
Емынэунэжь!

*Мыщэр къофэри темщ. Дыгъужьыр къабгъэдохьэ; и плlэм зы къэп илъщ.*

**Мыщэм.** А, еблагъэ, лыщlынэшх! Пшынэуапщlэ къыздэпхьа?
**Дыгъужьым.** Сыт пшынэуапщlэ?
**Мыщэм.** Узыгъэунэхъун пшынэуапщlэ! Къащтэ мыдэ а уи плlэм илъыр! *(Дыгъужьым и къэпыр къытрех).*



Бажэр пшынауэшхуэ зэрыхъуар пщlэркъэ!
**Дыгъужьым** *(къытохьэ)*. Апхуэдэ гуэри тхуэзэфlэкlынущ!
**Бажэм.** Армырай хабзэр! Жьыи пщlэзгъэхунщи, уи нэгуи зезгъэужьынщ. Уэ lэгу еуэ, Мыщэжь!

А Дыгъужь,
А дыргъыжь,
Зэ дэлъей –
Ислъэмей!

**Дыгъужьым.** Сызэримыгугъауэ, пшынауэ бэлыхьи мыр!
**Бажэм.** Здэщымыlэм щыбгъуэтынукъым. Аращ дяпэкlэ си lэщlагъэр!

А дуней,
Ислъэмей!
Хэт къэфа
Ислъэмей!

**Мыщэм.** Зэ догуэт! Мо къакlуэр хэт?
**Бажэм** *(пшынэуэныр зэпегъэури)*. А, Кхъуэныжьыращ! Фыкъекъу мыдэ!
**Мыщэм** *(Кхъуэныжьым йогуо)*. Ей, мыдэ къакlуэ, мыдэ! Щхьэ зыблебгъэхрэ? Къэфапщlэ къыздэпхьа?
**Кхъуэныжьым** *(и плlэм зы къэп илъщ)*. Къэфэн си лажьэ сэ?
**Мыщэм.** Уи лажьэр сыт-тlэ?
**Кхъуэныжьым.** Тхьэмахуэкlэ сылlыщlауэ, ди унэ сокlуэж.
**Мыщэм.** А уи къэпым илъыр сыт?
**Кхъуэныжьым.** Лlыщlапщlэращ.

**Мыщэм.** Къащтэ мыдэ! Къэфапщlэ пхуэхъунущ ар. *(Къэпыр къытрех).* Еуэ, иджы, зэ хэтlэ! Ди пшынауэр Бажэ цlыкlурщ. Къеуэт, Бажэ цlыкlу!
**Бажэм.** Ар lуэху! *(lэпэ пшынэм йоуэ).* Фэ фи нэгу зезмыгъэужьмэ, хэт и нэгу зезгъэужьын! *(Мыщэри,*

ХЪЭIУПЭ Джэбрэiил

# БЗЭКЪУТЭ-БЗЭЩIЫЖ

Лэныстэ-мастэ.
Къэбыстэ-пIастэ.

Е семышу сеззша?
Е сешауэ сызэша?

Бзур бзэрабзэм –
Бзейр мэубзэ!

Къулъшыкъушхуэ, къуэшхуэ!
Къуэшхэ, шырыкъушхуэ!

Къепсыр къепсу къепсыхыжри –
Къепсыр, къепсри, бзэхыжащ.

Псыпэ, псыбэ, бырыбищ,
Щыбырыбыр пIырыпIищщ.

Дыздауэу дыздауэм
Дауэм дауэ дедэуэн?

Уэдыдыд! Ди дадэ дыдыр
Дэдубыдым – быдэу едыр!

Аргъуейр гъуамэщ,
Аргъейр гъумщ,
Гъуапэр пщэмэ –
ПщампIэ хъунщ.

Жьыхур щэхуу щIехур щихум.
*(Мыр сыт хуэдэу зэблэбгъэзувыкIми хъунущ.)*

ХъыскIэ, ХъыскIэ, МыIэрыскIэ,
Ди хьэмаскIэм къигъэскIа!

Бадзэ набдзэ,
Базанэ ябзэ,
Бзэнур бзауэ –
Бзу бзэрабзэ.

Хьэндыркъуакъуэ щIакъуэр
Къуанщ!Iэ лъакъуэм щIокъур.

Сылъэу – силъэн?
Силъу – селъэн?

Псынэ псыпс,
Псей нэпсей.

Бабыщ щыбэ щIыпIэм
ПIащIэу щыпэ щыбэт.

Дзыдзэм и дзэр удзым хэдзи –
Гуэдз и хьэдзэ хуэдзи гуэдзэ.

Шынэу пшынарэ
Пшынэу шынарэ.

Нэрынэ, нэрынэ,
Нэрынэ бащэ,
Бабыщ баринэ,
Щыпэм-щыпашэ.

Мейм мищэ щыпыщэщым,
Мыщэ щыпэурэ пэщащэрт.

*Шамым (Сирием) ди льэпкъэгъу куэд щопсэу.*

*Абы къикIыу Адэ Хэкужьым къэIэпхъуэжа сабийхэм сурэт шашIкIэ, сыту пIэрэ зэгупсысыр?.. Я нэгум къыщIыхьэр?..*

*Мы сурэтхэм фэ щIэ фIэфщыжи къытхуевгъэхь.*

*...Усэ хуэзытхыфын къыфхэту пIэрэ?*





ИНДАР СИБАИ





КАРАФ АНЗОР





КАРАФ ДАЛЯ

*Зыгъэхьэзырар*
***ШОКЪАРЭ Дианэш***

# САБИЙ ГУПЫМ Я ЛЭЖЬЫГЪЭ







ТСАИ САТАНАИ





СИХЪУ АДАМ



ТАМ МАХЕР



# Хэт нэхъыфIу имытIхрэ?!

*Ди зэпеуэм пыдощэ (пэщIэдзэр 4-нэ къыдэкIыгъуэм итщ)*

Ц ЦIыкIураш и саугъэтыр зыIэрыхьэнухэр адэкIэ къыхыдох! ПлIимэ нэщI цIыкIухэр хьэрфхэмкIэ вгъэнщIа нэужь, псалъэ белджылы а хьэрфхэм къарыкIыу увын хуейщ.

ПлIимэшхуэ къэс (1–6) ярыт псалъэ зэпрыдзахэр хэту псалъэуха зырыз (е псалъэжь) къэвгупсыс.

Гу лъытапхъэщ: хьэрф зэгуэтхэр зыуэ зы плIимэм итын **кIу** хуейщ!

Псалъэ нэхъыщхьэхэр зы псалъэухам хэту къэтхьынти:

**ТекIуэныгъэ махуэшхуэр Хэкур лIыгъэ яхэлъу зыхъумэжахэм я фэеплъ уахътыныщэщ.**

Иджы фэ къэфхь нэгъуэщI псалъэухахэр фи псалъэщIэхэр хэвгъыхьэурэ. НэхъыфIыжыр рассказ цIыкIу зэхэфлъхьатэмэ аратэкъэ?!

Девгъэплъыт, нур цыкIухэ!

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| т | | | | | | | |
| | е | | | | | | |
| | | кIу | | | | | |
| | | | э | | | | |
| | | | | н | | | |
| | | | | | ы | | |
| | | | | | | гъ | |
| | | | | | | | э |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| м | | | | | | |
| | а | | | | | |
| | | ху | | | | |
| | | | э | | | |
| | | | | щ | | |
| | | | | | ху | |
| | | | | | | э |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| у | | | | | | | |
| | а | | | | | | |
| | | хъ | | | | | |
| | | | т | | | | |
| | | | | ы | | | |
| | | | | | н | | |
| | | | | | | ш | |
| | | | | | | | э |

| | | | |
|---|---|---|---|
| лI | | | |
| | ы | | |
| | | гъ | |
| | | | э |

| | | |
|---|---|---|
| х | | |
| | э | |
| | | ку |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ф | | | | |
| | э | | | |
| | | с | | |
| | | | п | |
| | | | | лъ |



# ДАХЭНУР И ЛЭГЪУП



ЩыкӀураш нобэ Дахэнур деж шохьэщӀэ. Пщашэ цӀыкӀум езым и Ӏэкlэ Ӏэфӏыбзэу ищӏа **торт зэтеупӏэщӏыкӏыр** Ӏэнэм тетщ. ЩыкӀураш игъэщӏагъуэу щӏоупщӏэ:

— Уа, Дахэнур, мыр зи Ӏэфӏагъ зэращӏыр нур цӏыкӏухэм яжепӏатэмэ, загъэсэнтэкъэ?

– ИкӀи загъэсэнщи, я ныбжьэгъухэри ягъэхьэщӏэнщ.

**Мис, цӀыкӀухэ, си зэтеупӀэщӀыкӀым хэфлъхьэнухэр:**

– зы пыченэ пачкэ (гр. 200); шэ стэкан ныкъуэ ($^1/_2$); шоколад (е какао).

**ТефыцӀэлъынур зэхэфлъхьэ:**

– тхъуцӀынэ гр. 100 ($^1/_2$); зы джэдыкӀэ кугъуэ; фошыгъу хьэжыгъэу стэкан ныкъуэ ($^1/_2$); шоколад хьэжауэ (е какао) бжэмыщхыщхуитӀ.

**ТетцӀэлъам тедгъэщэщэнур:**

– дэ хьэжа, шоколад хьэжа.

Пыченэр шэм е какаом хэбгъауэурэ тепшэчышхуэм зэбгъурылъурэ илъхьэ. Тепщэчыр щӀихъумэу из хъуа нэужь, и щхьэфэм тыбоцӀэлъ. АдэкӀэ етӀуанэуи-ещанэуи пыченэр иплъхьэурэ тепщэчым укъокӀуэкӀ, къекӀуэкӀыгъуэ къэс зэхуакум Ӏэфӏыр тыбоцӀэлъ.

Щэнейрэ укъекӀуэкӀа нэужь, Ӏэфӏ зэхэлъыр зэтеупӀэщӀыкӀым и щхьэфи и джаби зэлъэӀэсу щӀыбохуэри лъэныкъуэ псомкӀэ дэ хьэжамрэ шоколад хьэжамрэ тыбогъэщэщэж.

**Ӏэфӏ зэхэлъыр зэрыфщӀынур:**

* тхъуцӀынэр, джэдыкӀэ кугъуэр, фошыгъу хьэжыгъэр, шоколад хьэжар зэхэлъу фӀыуэ фоудэ;

* хьэзыр хъуа зэтеупӀэщӀыкӀыр сыхьэти 6–7-кӀэ щӀылапӀэ шыӀыгъын хуейщ.

– ФӀыкӀэ фыщх, нур цӀыкӀухэ! КъэтӀысыт уэри, ЩыкӀураш, ди шейри къэващ,– жеӀэри Дахэнур Ӏэнэр къегъэкӀуатэ.

– Упсэу, Дахэнур! Упсэу!

*Зыгъэхьэзырар*

***КЪАРМЭ Ӏэсиятш***



ЩЫУЭПС

*Сурэтыр тезыхар*
*КЪУЩХЬЭ Елдарщ*

*ЩыӀэу пӀэрэ мыдахэу зы шыр цӀыкӀу?!*
*Уоу! ЩӀэжьей псори Ӏэфӏщ.*
*Дунейм зыщызымыгъэнщӀ мы цӀыкӀуитӀыр-щэ?!*
*Гъэмахуэм поплъэ Сабиигъуэр!*


*Ежемесячный литературно-художественный журнал для детей*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 5 2016 г.

Учредители:
Госком КБР по печати и массовым коммуникациям.
360000, КБР, г. Нальчик,
пр. Ленина, 5
Общественная организация «Союз писателей КБР»

И. о. главного редактора
**Б. АБРОКОВА**

Редколлегия:
**Х. КАРМОКОВ**
**А. КАРМОВА**
**Е. ТХАМОКОВА**
**Х. ТИМИЖЕВ**
**П. ХАТУЕВ**

Художественный редактор
**М. ХАЛИЛОВА**

Набор и верстка
**Н. РАСТОРГУЕВОЙ**

Свидетельство о регистрации № ПИ № ТУ07-00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по КБР.

Подписано к печати
12.05. 2016 г.
Выход в свет 30.04. 2016 г.

Формат 60х90 $^1/_8$
Бумага офсетная № 1
Гарнитура Arial Cyr, Minion Pro
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 2780 экз.
Заказ № 316
Индекс 73912
Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 13,19 руб.;
за 6 мес. – 79,14 руб.
В розницу – цена свободная

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5
42-75-30, 42-17-53
nur46@mail.ru

Адрес издателя: 360017,
г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КЦО СМИ КБР».
Дом печати

Отпечатано
ООО «Печатный двор»
360030, КБР, г. Нальчик,
ул. Калюжного, 1
printhouse07@gmail.com.
Тел./факс 8(8662) 74-11-33